



# Yon Ti Koutje sou Plan Sante Kalifye

## KIMOUN KI KALIFYE?

### MEN MOUN KI KALIFYE:

- Moun k ap viv nan Eta New York
- Moun k ap viv legalman nan Etazini
- Pa kalifye pou Medicaid, Plan Esansyèl oswa Child Health Plus

### KONTAKTE NOU:

- [nystateofhealth.ny.gov](http://nystateofhealth.ny.gov)
- 1-855-355-5777  
oswa TTY 1-800-662-1220

NY State of Health konfòm ak lwa konsènan dwa sivik federal ki aplikab yo, epi li pa fè diskriminasyon ki base sou ras, koulè, orijin nasyonal, sèks, laj oswa andikap nan pwogram ak aktivite sante li yo.

## KISA KI GARANTI?

- Swen preventif gratis
- Swen pou Pasyan ki entène
- Sèvis pou pasyan ki pa entène
- Swen nan matènité ak swen tibebe
- Sèvis pou ijans
- Laboratwa ak imajri
- Medikaman sou preskripsyon
- Sèvis reyabilitasyon ak sèvis adaptasyon
- Sèvis pou moun ki gen pwoblèm sante mantal ak moun ki gen pwoblèm dwòg oswa alkòl
- Sèvis pou sante jeneral ak sèvis pou kontwole maladi
- Swen dan ak swen zye pou timoun

*Avantaj swen dan ak lòt avantaj yo ka garanti tou avèk kèk plan.*

# KONBYEN YON PLAN SANTE KALIFYE (QHP) KOUTE?

**PRIM ASIRANS PA MWA:** Pri ou peye chak mwa ap depanne plan ou chwazi a. Anpil moun kalifye pou kredi fiskal ki diminye frè pa mwa yo. Moun ki touche jiska \$48,240 dola pa ane ak yon fanmi 4 moun ki touche \$98,400 dola ka kalifye pou kredi fiskal.

**KOTIZASYON NAN FRÈ YO:** Kotizasyon nan frè yo se kantite lajan ou peye lè w ap resevwa yon sèvis swen sante. Kèk moun kalifye tou pou yo resevwa èd pou peye frè sa yo, dapre revni yo. Anba la a se kèk egzanp nivo kotizasyon nan frè QHP pou plan estanda yo ofri nan kat nivo yo. Lòt plan yo disponib avèk diferan kotizasyon nan frè aklòt sèvis ki garanti.

| KOTIZASYON NAN FRÈ POU SÈVIS SWEN SANTE                                    | PLATIN     | LÒ           | AJAN         | BWONZ                     |
|--|------------|--------------|--------------|---------------------------|
| Franchiz chak Ane  | \$0 dola   | \$600 dola   | \$2,000 dola | \$4,000 dola              |
| Swen Preventif   | Gratis     | Gratis       | Gratis       | Gratis                    |
| Vizit nan Klinik Doktè Premye Swen   | \$15 dola  | \$25 dola    | \$30 dola    | 50% kotizasyon nan frè yo |
| Vizit nan Klinik Espesyalis  | \$35 dola  | \$40 dola    | \$50 dola    | 50% kotizasyon nan frè yo |
| Kantite Tan nan Lopital pou Pasyan ki Entène nan Lopital pou chak admisyon | \$500 dola | \$1,000 dola | \$1,500 dola | 50% kotizasyon nan frè yo |
| Vizit Pasyan ki pa Entène pou Sante Konpòtmantal                           | \$15 dola  | \$25 dola    | \$30 dola    | 50% kotizasyon nan frè yo |
| Pasyan ki Entène pou Pwoblèm Sante Mantal chak admisyon                    | \$500 dola | \$1,000 dola | \$1,500 dola | 50% kotizasyon nan frè yo |
| Saldijans  | \$100 dola | \$150 dola   | \$250 dola   | 50% kotizasyon nan frè yo |
| Swen Ijan  | \$55 dola  | \$60 dola    | \$70 dola    | 50% kotizasyon nan frè yo |
| Terapi Fizik, Òtofoni ak Ègoterapi   | \$25 dola  | \$30 dola    | \$30 dola    | 50% kotizasyon nan frè yo |

| KOTIZASYON NAN FRÈ YO POU MEDIKAMAN SOU PRESKRIPSYON | PLATIN    | LÒ        | AJAN      | BWONZ     |
|--|-----------|-----------|-----------|-----------|
| Jenerik  | \$10 dola | \$10 dola | \$10 dola | \$10 dola |
| Mak Depoze ki Prefere                                | \$30 dola | \$35 dola | \$35 dola | \$35 dola |
| Non Komèsyal Nou Rekomande                           | \$60 dola | \$70 dola | \$70 dola | \$70 dola |